

Apèl devan Tribinal Twazièm Kou Dapèl ki nan Florid

Enfòmasyon Pou Moun Ki Pa Genyen Yon Avoka

Biwo grefyè nan tribinal pou Depatman Miami-Dade ak Depatman Monroe ak Tribinal Twazièm Kou Dapèl pa gen dwa bay okenn nan pati yo konsèy legal sou yon apèl ki ponkò fini. Anpil fwa, moun yo ki pa gen avoka yo, sa vle di “Moun ki repwezante tèt yo yo menm” konn mande ki kote yo kapab jwenn konsèy legal sou ka apèl yo. Lis sa-a ki parèt anba-a genyen ladan kèk sijasyon Bawo Florid bay, men, li pa konplèt nèt. Libweri piblik ki nan zòn kote ou rete kapab asiste ou nan odinatè ki gen Entènèt jan sa eksplike nan papye sa-a.

Moun ki repwezante tèt yo yo menm ta dwe eseye jwenn konsèy legal sou ka apèl yo. Yo kapab pèdi dwa legal ki enpòtan si yo pa byen swiv regleman yon pwosedi. Regleman yo bay dèl ak kondisyon ki dwe ranpli pou depoze dokiman anvan pou yo ka konsidere apèl yon pati.

Depatman ki Anchaje Zafè Apèl nan Bawo Florid pwepare yon bon jan Liv pou “Moun ki Repwezante Tèt yo yo Menm.” Ou kapab jwenn liv sa-a sou Entènèt nan:

http://www.flabarappellate.org/asp/pro_sehandbook.asp

Genyen yon kopi Liv sou Zafè Apèl pou Moun ki Repwezante Tèt yo yo menm nan Libweri nan Tribinal Twazièm Kou Dapèl (li louvwi pou piblik la Lendi jiska Vandredi ne vè (9:00) nan maten jouk midi, unè trent (1:30) nan apwe midi jouk ketrè (4:30). Ou kapab rele Sèvis nan Bawo Florid ki refere moun bay avoka nan nimewo gratis: 1-800-342-8011 (Depatman Kawounti) oswa 305-350-5297 (Depatman Miami-Dade).

Ou kapab jwenn kopi “Regleman sou Pwosedi Apèl pou Florid” ak Lòt Regleman Tribinal nan Florida nan nenpòt biwo piblik ki gen entènèt gratis:

<http://www.floridalawonline.net/courts.html>.

Ou kapab revize kopi regleman sa yo nan libweri Tribinal Twazièm Kou Dapèl oswa nan nenpòt libweri nan lekòl sa yo (Florida International University = FIU, the University of Miami = UM, oswa St. Thomas University) yo tout nan zòn Depatman Miami-Dade).

Tribinal Twazièm Kou Dapèl la gen yon sit nan <http://www.3dca.flcourts.org/>. Li posib pou ou kapab aktive nan sit sa-a dosye sou yon ka patikilye, yon lis sou tout dokiman ki te depoze epi ki lè yo te depoze. Sit sa-a bay direksyon tou, li bay repons sou kèk keksyon yo mande anpil, lòt enfòmasyon sou Tribinal, epi yon lenk ki pèmèt ou wè Regleman sou Pwosedi Apèl nan Florid.

1. Avoka Pwive. Asosiyasyon Bawo Florid ak Bawo Depatman Dade genyen lis avoka pwive ki repwezante moun pou lajan nan Depatman Monroe ak nan Depatman Miami-Dade. Biwo tribinal ak biwo grefye yo pa gen je louvri sou lis sa yo, epi tou yo pa rekoumande moun bay avoka ki nan lis sa yo. Koumanse nan Oktòb 2007, avoka ki patisipe nan pwogram sa-yo mande jeneralman pa plis ke 25 dola pou pwemye 30 minit konsiltasyon ak yon moun ki kapab vin yon kliyan, men ou ta dwa konfime sa-a ak biwo avoka-a si ou itilize Sèvis sa-a.

- (a) Pou moun ki nan Depatman Monroe, ou kapab antre nan Sèvis Bawo Florid genyen ki Refere Moun bay Avoka nan <http://www.floridabar.org> oswa rele nimewo gratis sa-a: 1-800-342-8011.
- (b) Pou moun ki nan Depatman Miami-Dade, Asosiyasyon Bawo Depatman Dade kenbe lis referans lan, epi ou kapab rele nan 305-350-5297 pou enfòmasyon sou avoka ki patisipe ladan.

2. Ka Kriminèl ak Ka Jenn Timoun: Biwo Defansè Piblik. Sou zafè Apèl pou krim piti, gwo krim ak ka jenn timoun, biwo Defansè Piblik yo ka bay asistans legal pou moun ki kalifye akòz kondisyon finansye yo.

- (a) Biwo Defansè Piblik, Depatman Miami-Dade
1320 N.W. 14th St.
Miami, Florida 33125
(305) 545-1600
<http://www.pdmiami.com>

- b) Defansè Piblik, Depatman Monroe
Mèt Rosemary E. Enright
P.O. Box 4127
Key West, Florida 33041
[524 Eaton Street, Key West 33040]
(305) 294-2501
renright@pd16.org

3. Sèvis Gratis ak Sèvis Volontè. Gen plizyè òganizasyon gratis ak òganizasyon volontè ki bay asistans legal gratis oswa yo pa chaje anpil pou moun ki pa gen mwayen pou yo peye yon avoka pwive. Menm lè chak òganizasyon sa yo gen pwòp kondisyon pa yo, men jeneralman yon moun ap gen pou bay pwèb li pa touché anpil lajan pou li kapab kalifye pou sèvis sa yo. Lis sa ki parèt anba gen kèk enfòmasyon sou òganizasyon ki ekziste depi plizyè ané epi ki gen eksperyans nan Sid Florida.

- (a) Legal Services of Greater Miami, Inc. [Biwo pwensipal]
3000 Biscayne Boulevard, Suite 500
Miami, Florida 33137
(305) 576-0080
<http://www.lsgmi.org>

South Dade Law Center
10720 Caribbean Blvd., #400
Miami, Florida 33189
(305) 232-9680

Legal Services of Greater Miami, Inc. oswa “LSGMI,” se yon òganizasyon gratis ki gen plis pase 25 avoka. LSGMI bay asistans sou zafè sivil, tankou lè yon bank ap sezi kay ou oswa yap mete ou deyò, benefis piblik, zafè edikasyon timoun ki gen dezablite, ak lòt ka ankò. Youn nan pi gwo bagay yo kanpe sou li se ede fanmi pou yo pa tonbe nan dòmi nan lari.

- (b) Legal Services of the Florida Keys, Inc.
1111 12th Street, Suite 203
Key West, Florida 33040
(305) 292-3566
<http://www.lsgmi.org>

Legal Services of the Florida Keys travay ak LSGMI epi yo gen yon biwo nan Key West.

- (c) “Put something Back,” se yon pwojè volontè gratis
Asosiyasyon Bawo nan Depatman Dade
Legal Aid Society of Dade County
123 N. W. First Avenue
Miami, Florida 33128
(305) 579-5733, ext. 2252
<http://jud11.flcourts.org/>

“Put something Back” se yon sèvis volontè gratis ki sou direksyon Asosiyasyon Bawo Depatman Dade. Pwogram sa-a analize klian yo dapwè regleman sou revni ak valè pwopriete yo genyen jansa dekri sou sit Entènèt la. Yo voye klian ki kalifye yo bay avoka pwive ki dakò pou pwan ka yo gratis (menm lè klian yo kapab peye frè tribunal ak kèk lòt ti depans). Gen moun ki sou lis kap tann pou anpil kalite ka, li pi bon pou ou rele pwogram nan anvan pou ou wè si ou kapab jwenn asistans.

- (d) Bankruptcy Bar Association of the
Southern District of Florida
Pro Bono Committee
(305) 891-5080
<http://www.bbasdfl.org>

Se yon lòt pwojè gratis avoka nan Sid Florid mete sou pye. Gen espesialis sou zafè fayit ki ofwi sèvis yo pou yo asiste moun ki pa ka pwan yon avoka pwive. Avoka sa yo ka fè yon lòt aranjman sou yon dèt oswa yo ka asiste yon klian pou li kapab rekoumanse tou nèf oswa mete sou pye yon plan peman nan tribunal ki regle zafè fayit.

- (e) Florida Justice Institute
100 S.E. 2nd Street, Suite 4320
Miami, Florida 33131
(305) 358-2081

Gwoup sa-a ki bay sèvis legal gratis gen baz li nan Miami, men li ede moun ak pwoblèm legal nan tout eta-a. Repwezantan yo gen aksè nan tribunal ak pwosedi nan tout eta-a epi tou nan system jistis kriminel federal

ak koreksyon. Gwoup sa-a gen dwa pa kapab asiste ou nan yon ka apèl si se pa yon bagay ki gen pou wè ak kondisyon pwizon.

- (f) Lawyers for Children America
200 S. Biscayne Blvd., Suite 4000
Miami, Florida 33131
(305) 577-4771
<http://www.lawyersforchildrenamerica.org>

Gwoup sa-a antrène avoka volontè epi yo voye ba yo ka timoun yo neglije ak timoun ki bezwen moun pou reponsab yo. Yo repwezante timoun sa-a gratis.

- (g) <http://www.floridalawhelp.org>

Sit sa-a sou direksyon moun ki bay sèvis legal pou moun ki abite nan Florid kipa gen mwayen pou yo peye yon avoka pwive. Sit sa-a genyen tou lòt kote ki kapab asiste w.

- (h) Florida Institutional Legal Services, Inc.
1010 B N.W. 8th Avenue
Gainesville, Florida 32601
1-888-375-2494 (Gratis)

Gwoup sa-a bay sèvis legal pou pwizonye ak lòt moun ki nan pwizon nan eta-a.

Retouche: 11 Oktòb 2007

Rezime sa-a se pou enfòmasyon sèlman, men li pa la pou bay konsèy pwofesyonèl ak konsèy legal sou okenn zafè legal, li pa nitou sèvi pou ranplase sèvis yon avoka, epi li pa yon deklarasyon ofisyèl ni yon pwosedi moun ka apiye sou li sizoka moun sa-a nan mitan yon pwose nan tribinal.